

Mangga dipunwangsuli guru lagu lan guru wilanganipun tembang macapat menika :

Amenangi jaman edan
Ewuh aya ing pambudi
Milu edan nora tahan
Yèn tan milu anglakoni
Boya kaduman melik
Kaliren wekasanipun
Ndilalah karsa Allah
Begja-begjane kang lali
Luwih begja kang eling lawan waspada

Yogyanira kang para prajurit
Lamun bisa sira anuladha
Duk ing uni caritané
Andelira Sang Prabu
Sasrabahu ing Maespati
Aran patih Suwanda
Lelabuhanipun
Kang ginelung tri prakara
Guna kaya purun ingkang dèn antepi
Nuhoni trah utama

Nonoman ing mengko iki
yen dituturi raharja
arang ingkang ngrungokake
sinamur bari sembrana
ewuh yen nuruta
malah mudhar pitutur
pangrasane pan wus wignya

Marma den taberi kulup,
Angulah lantiping ati,
Rina wengi den anedya,
Pandak panduking pambudi,
Bengkas kahardaning driya,
Supaya dadya utami.

Gegarane wong akrami
dudu bandha dudu rupa
amung ati pawitane
luput pisan kena pisan
yen gampang luwih gampang
yen angel angel kalangkung
tan kena tinumbas arta

Pitutur bener iku
sayektine kang iku tiniru
nadyan metu saking wong sudra papeki
lamun becik wurukipun
iku pantès sira anggo